

***ANALISIS SOSIOLOGIS SAstra NGAORIENTASI KANA MÉNTALITAS  
BUDAYA TOKOH JEUNG PANOKOHAN DINA NOVEL MERINDU  
BAGINDA NABI KU HABIBURRAHMAN PIKEUN ALTERNATIF BAHAN  
PANGAJARAN DI KELAS XII SMA***

***Ku***

**Aghnia Nur Aulia**

**NIM 175030065**

***RINGKESAN***

Panalungtikan ieu miboga tujuan kanggo milari méntalitas budaya anu aya dina tokoh sareng panokohan tina novél Merindu Baginda Nabi karya Habiburrahman El Shirazy ku cara nganalisis sarta ngamangpaatkeun hasil analisis ieu janteun bahan pangajaran alternatif di kelas XII SMA. Panalungtikan ieu mangrupikeun panalungtikan déskriptif ku cara pendekatan sosiologi sastra. Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu ngajéntrékeun hasil analisisna sacara naratif. Sumber data dina analisis ieu nyaéta novel Merindu Baginda Nabi karya Habiburrahman El Shirazy sareng sababaraha buku pangrojong panalungtikan. Hasil analisis ieu nganunjukeun yen aya 21 data ngeunaan Méntalitas Budaya Idéasional, 8 data ngeunaan Méntalitas Budaya Inderawi, jeung 6 data ngeunaan Méntalitas Budaya Campuran anu aya dina tokoh jeung panokohan novel ieu. Hasil analisis ieu salajeungna disaluyukeun sareng tungtutan kurikulum, nyaéta nu aya dina Kompetensi Inti sareng Kompetensi Dasar, sinareng didamel hiji bahan ajar pikeun ngarajong pangajaran Siswa SMA Kelas XII. Dina skripsi ieu, parantos didamel bahan ajar mangrupa RPP sarta wangun modul anu parantos dipeunten ku validator.

Kecap konci: analisis, sosiologi sastra, méntalitas budaya, karakter jeung karakterisasi, novel, bahan pangajaran